

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Alat komunikasi anu pangpentingna nyaéta basa. Salian éta, basa ogé kacida pentingna dina nulis hiji karya. Nurutkeun Sanjaya (dina Sanjaya, Sanjaya, Wulandari, 2022) karya sastra nyaéta hiji karya imajinatip, hasil ciptaan manusa nu sipatna kréatip jeung éstétik. Jinis karya sastra di antarana aya sajak, carpon, novél jeung réa-réa deui. Novél mangrupa hiji karya anu lumayan panjang. Éta hal saluyu jeung anu ditétélakeun ku Rees (dina Rezeki, 2021) yén novél téh karya sastra anu caritana fiksi, wangunna lumayan panjang jeung caritana pieunteungeun kahirupan anu nyata. Salian ti éta, novél boga kahasanna sorangan saperti anu disebutkeun ku Atikah jeung Kusuma (2017) yén kahasan novél téh bisa ditilik tina *kompleksitas* masalah anu diangkat tina rupa-rupa kajadian. Dina nulis novél kudu digunakeun basa anu bisa dipikaharti ku anu macana sangkan carita nu hayang ditepikeun bisa kacangkem.

Ku kituna, dina ngagunakeun basa kudu maké tata basa anu merenah sangkan bisa leuwih gampang dipikaharti. Nurutkeun Chomsky (dina Kuswari & Hernawan, 2014, kc. 1) tata basa nyaéta salengkepna kaédah basa anu aya dina jiwa nu ngagunakeun basa pikeun ngatur pamakéan basa Tata basa bisa diwengku jadi tata kecap jeung tata kalimah, Sudaryat (2013, kc. 9) nandeskeun yén tata basa sacara heureut ngan ngawengku tata kecap (*morfologi*) jeung tata kalimah (*sintaksis*). Tata kecap jeung tata kalimah téh raket pisan patalina, boh tata kecap boh tata kalimah duanana ngalibetkeun kecap. Dina sintaksis, kecap téh mangrupa wangun basa anu pangleutikna.

Sintaksis nurutkeun Suhardi (dina Setiawan, 2016) mangrupa cabang élmu basa nu geus kolot pisan, nu nalungtik ngeunaan struktur kalimah jeung kaédah dina nyusun kalimah. Ku kituna, sintaksis mangrupa salasahiji widang tata basa anu ngulik ngeunaan struktur-struktur kalimah, klausa, jeung frasa. Dumasar kana ulikan sintaksis di luhur panalungtik medar ngeunaan salasahiji ulikan anu aya nyaéta klausa. Dina tataran sintaksis, klausa ayana di luhureun frasa jeung di

Dea Sondari, 2024

*KLAUSA RÉLATIF DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HÉNDRAYANA (Ulikan Struktur jeung Semantis)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

handapeun kalimah (Rabbani, Fitriana, jeung Karyati, 2021). Klausa mangrupa wangun sintaksis anu sipatna prédikatif. Ieu hal saluyu jeung anu ditétélakeun ku Chaer (2015) yén klausa mangrupa wangun sintaksis nu aya di luhureun wangun frasa jeung di handapeun wangun kalimah anu mangrupa runtuyan kekecapan nu sipatna prédikatif. Ramlan (2005) nandeskeun yén klausa mangrupa konstruksi atawa wangun gramatik anu sakurang-kurangna diwangun ku jejer jeung caritaan ogé bisa dibarengan atawa henteuna ku udagan, penglengkep, jeung katerangan. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén klausa mangrupa konstruksi atawa wangun gramatik anu sakurang-kurangna diwangun ku jejer jeung caritaan anu jadi unsur utamana bisa dibarengan atawa henteuna ku udagan, panglengkep, jeung katerangan, klausa ogé sipatna prédikatif. Klausa dumasar tipena aya dua nyaéta klausa bébas jeung klausa kauger. Ieu hal saluyu jeung anu ditétélakeun ku Kuswari jeung Hernawan (2014, kc. 36) yén tipe klausa nyaéta macem-macem klausa anu ditilik tina bagbagan atawa kalungguhanna dina kalimah, klausa téh bisa dipasingkeun deui jadi dua golongan nyaéta klausa bébas jeung klausa kauger. Klausa bébas mangrupa klausa anu bisa mandeg mandiri jadi kalimah nu lengkep. Klausa bébas biasana sok aya dina kalimah salancar lantaran ngan diwangun ku hiji klausa nu diwangun ku jejer jeung caritaan (Wahyudi, 2023). Klausa bébas ogé bisa dipasing-pasing deui jadi klausa pagawéan jeung klausa tanpagawéan dumasar warna kecapna. Klausa kauger mangrupa klausa anu kudu dibarengan ku kalimah séjén pikeun jadi panghudangna, lantaran dina kalimahna teu bisa mandeg mandiri nu hartina ieu klausa teu bisa jadi kalimah. Ieu klausa bisa disebut klausa nu unsurna teu lengkep (Susanti & Arson, 2022).

Dumasar kana pamadegan di luhur ieu panalungtikan nalungtik ngeunaan salasahiji bagian tina klausa kauger nyaéta klausa rélatif. Klausa rélatif nyaéta klausa anu ditapelkeun dina frasa barang anu ngajéntrékeun nomina intina (Sari, 2022). Kroeger (dina Ékaristiano, Purnanto, Sumarlam, 2019) nandeskeun yén klausa rélatif mangrupa klausa anu ngamodifikasi nomina inti dina frasa nomina. Dina basa Indonésia klausa rélatif ditandaan ku kecap *yang*, sedengkeun dina basa Sunda klausa rélatif ditandaan ku kecap *(a)nu*. Biasana klausa rélatif jadi atribut kana unsur inti dina kalimah ngantét. Klausa rélatif ayana dina kalimah ngantét

sélér-suméler (Sudaryat, 2019). Klausa rélatif dumasar wandana aya dua nyaéta klausa rélatif réstriktif jeung klausa rélatif non-réstriktif.

Dina ieu panalungtikan ditalungtik ngeunaan klausa rélatif dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana. Klausa rélatif mangrupa klausa anu diseselkeun dina frasa barang anu ngajéntrékeun nomina intina (Sari, 2022). Ku kituna, klausa rélatif atawa sok disebut klausa seselan nyicingan fungsi atributif. Pancén klausa rélatif téh rupa-rupa nyaéta bisa jadi bagian jejer, udagan, panglengkep, jeung bagian katerangan atawa akisis (Sudaryat, 2013, kc. 233). Klausa seselan konstruksina diwangun ku dua bagian nyaéta nomina inti (*head noun*) jeung klausa seselan salaku pangwatesna (Sari, Anggun, Sumarlam, 2017). Dumasar kana wandana, klausa rélatif dibagi jadi dua nyaéta klausa rélatif réstriktif jeung klausa rélatif non-réstriktif (Agustina, 2009). Klausa rélatif réstriktif mangrupa klausa nu méré informasi penting pikeun ngaidéntifikasi *anteseden* jeung ieu klausa biasana nuturkeun *anteseden* jeung euweuh jeda dina pola ngucapkeunna, sedengkeun klausa rélatif non-restriktif digunakeun pikeun méré informasi tambahan ngeunaan jejer ti klausa inti atawa utama, dina ieu klausa biasana sok aya tanda baca koma pola ngucapkeunna aya jeda antara klausa inti jeung klausa seselanna (Lahu, 2014).

Conto klausa rélatif bisa dititénan ieu di handap.

"Mang Karta dagang béas, *nu asalna ti Cianjur*"

Conto di luhur kaasup wanda klausa rélatif non-réstriktif sabab ayana tanda koma, struktur dina éta klausa téh diwangun ku jejer jeung caritaan, anu nyicingan fungsi panglengkep. Tina conto kalimah di luhur klausa rélatif bisa ditalungtik dumasar kana rupa-rupa aspékna. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan klausa rélatif dina basa Sunda, masih perlu ditalungtik.

Ulikan anu ngaguar ngeunaan klausa rélatif masih langka hususna anu ngaguar klausa rélatif dina basa Sunda masih can pati loba jeung masih kurang sumberna. Salian éta, masih aya anu can mikawanoh wanda klausa rélatif dina basa Sunda, aya nu can mikawanoh satruktur klausa rélatif dina basa Sunda nu boga kaunikan nyaéta ngagunakeun konjungsi (*a*)*nu* salaku ciri utamana, jeung aya nu can mikawanoh fungsi klausa rélatif dina basa Sunda. Éta hal téh disababkeun ku can pati ngartina

kana klausa rélatif. Ku kituna, ieu panalungtik ngulik ngeunaan wanda, struktur, jeung fungsi klausa rélatif dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.

Panalungtikan saméméhna anu kungsi ditalungtik jeung aya patalina jeung ieu panalungtikan di antarana waé, “Model Pembelajaran Klausa Rélatif Bahasa Indonesia dengan Teknik Rekursif – Diagram” anu ditalungtik ku (Subaedah, 2006) anu ngaguar ngeunaan nomina atawa frasa nomina inti dina klausa rélatif, pananda, tipe klausa rélatif, jeung fungsi sintaksis dina klausa rélatif. Ieu panalungtikan ogé ngaguar téhnik rékusif-diagram dina pangajaran klausa rélatif bahasa indonésia. “Analisis Kesalahan Penggunaan Klausa Relatif Mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Jepang Universitas Negeri Manado (Kawatu, 2016) anu ngaguar ngeunaan kasalahan-kasalahan dina ngagunakeun klausa rélatif boh dina pamahaman boh dina panyusunanna. Panalungtikan séjénna aya “Analisis Kontrastif Klausa Relatif Bahasa Indonesia dan Bahasa Jepang serta Implikasinya bagi Pengajaran BIPA” (Yulian, 2019) anu ngaguar ngeunaan babandingan klausa basa Indonésia jeung basa Jepang. Dina wangun artikel jurnal aya “*Transformasi Sematan Klausa Relatif pada Teks Terjemahan Alquran yang Mengandung Etika Bahasa*” (Shofiyuddin, 2018). Salian éta, aya “*Reduksi Klausa Relatif Restriktif Lengkap dalam Bahasa Inggris dan Padanannya dalam Bahasa Indonesia*” (Supriatna, 2007). Klausa rélatif perlu pisan ditalungtik lantaran tipe-tipe klausa rélatif tina unggal basa boga kaunikanna séwang-séwangan (Djumingin, 2010). Bébédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacanna nyaéta ieu panalungtikan ngaguar ngeunaan klausa rélatif dina basa Sunda nu ngagunakeun sumber datana tina novél *Béntang Hariring*. Ieu panalungtikan ngaguar ngeunaan wanda, struktur, jeung fungsi klausa rélatif dina novél *Béntang Hariring* sabab masih can pati loba anu ngaguar ngeunaan klausa rélatif dina basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Klausa Rélatif dina Novél *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana” perlu ditalungtik.

## 1.2 Rumusan Masalah

Tina kasang tukang masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa diébréhkeun jadi kalimah pananya saperti di handap.

- 1) Wanda klausa rélatif naon waé anu nyampak dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana?
- 2) Kumaha struktur klausa rélatif dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana?
- 3) Fungsi klausa rélatif naon waé anu nyampak dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngébréhkeun atawa ngadéskripsikeun klausa rélatif anu kapanggih dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) wanda kluasa rélatif dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana;
- 2) struktur klausa rélatif dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana; jeung
- 3) fungsi klausa rélatif dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan miboga dua mangpaat anu dipiharep bisa méré mangpaat tina segi tioritis, jeung mangpaat tina segi praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan kabasaan husususa paélmuan sintaksis. Ari sababna, anu diulikna ngeunaan salasihiji babagian kalimah, nyaéta klausa rélatif.

### 1.4.1 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun panalungtik éta sorangan jeung anu maca.

#### 1) Mangpaat pikeun nu nalungtik

Dipiharep leuwih ngajembaran deui ngeunaan paélmuan dina widang sintaksis, hususna ngeunaan klausa rélatif, wanda klausa rélatif, struktur, jeung fungsi dina klausa rélatif. Salin ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi dadasar pikeun panalungtikan satuluyna. Sacara langsung ieu panalungtikan ogé jadi pangalaman pikeun panalungtik dina widang kabasaaan.

#### 2) Mangpaat pikeun nu maca

Dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh jeung bisa jadi sumber anyar keur anu maca. Nu maca didieu nyaéta aya guru jeung siswa. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa digunakeun salaku sumber bahan ajar dina prosés pangajaran. Pikeun siswa, sangkan ngaronjatkeun pangaweruh siswa kana klausa hususna kana klausa rélatif.

Salian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bagian pikeun panalungtikan ka hareupana anu baris dilaksanakeun.

### 1.5 Raraga Tulisan

Struktur panulisan skripsi boga fungsi pikeun méré bayangan dina ngalaksanakeun panalungtikan. Skripsi nu ditulis disusun jeung dibagi jadi lima bab saperti di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan husus panalungtikan, mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis panalungtikan sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngawengku dasar tiori anu ngaguar ngeunaan kluasa, wanda klausa, struktur klausa, jeung fungsi anu aya hubunganna jeung semantik.

Bab III Métode Panalungtikan, dina ieu bab ngaguar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngaguar ngeunaan hasil tina ieu panalungtikan anu mangrupa data klausa rélatif, wanda klausa rélatif, struktur klausa rélatif, fungsi klausa rélatif anu aya patalina jeung semantik.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi, eusina ngawengku kacindekan wanda klausa rélatif, struktur klausa rélatif, jeung fungsi anu aya patalina jeung semantik, sarta implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan séjén.